



LAPÈS PÒSIN AFRIKEN



DEKLARE KOCHON MALAD YO
866-536-7593

Lapès Pòsin Afriken se yon viris ki afekte ni kochon domestik ni kochon sovaj yo. Li gaye byen rapid e li tiye majorite kochon ki genyen l yo. Yo pa t janm jwenn maladi sa a Ozetazini. Li pa yon menas pou sante moun. Li pa yon pwoblèm pou sekirite alimantè.

Moun kapab genyen lapès pòsin Afriken, men yo ka pote li sou rad, soulye, ak ekipman yo. Yon epidemi Ozetazini t ap gen gwo efè sou ekonomi endistri pòsin nan.

Ede nou kenbe kochon Ozetazini yo lwen maladi mòtèl sa a!

Konprann kòman viris la gaye, epi jwe patisyon pa w pou pwoteje kont li.

**Plis enfòmasyon:
www.aphis.usda.gov**

Lapès Pòsin Afriken Pa Ale avèk Li Lakay ou

Vwayajè Entènasyonal yo ka pote maladi sa Ozetazini san yo pa konnen. Pase etap sa yo pou ede nou kenbe kochon Etazini an sekirite:



Konprann Risk la

- Lapès pòsin Afriken kapab sou rad, soulye, ak men yo.
- Li kapab rete vivan pandan plizyè mwa nan pwodui kochon yo tou.

Deklare Atik ak Vizit Fèm yo

- Retounen avèk manje ki sen ak atik souvni. Ale sou www.aphis.usda.gov/travelers pou konnen ki atik ki ka antre Ozetazini.
- Deklare tout vizit fèm aletranje bay ladwàn Etazini lè w ap retounen nan peyi a.

Pran Plis Prekosyon Lè W ap Vizite Fèm Aletranje yo

- Si w ap vizite yon fèm deyò Etazini, swiv pwotokòl biyosekirite fèm nan pandan vizit la.
- Mete bagay pye ak rad oswa ekipman ki espesyal pou sit la, epi retire yo anvan ou kite fèm nan. Si yo pa ofri ou ekipman sa, lave, dezenfekte oswa jete soulye ou ak rad ou anvan ou retounen Ozetazini.
- Lè ou retounen Ozetazini, pa antre nan fèm oswa lòt kote avèk kochon (tankou nan mache bèt, zoo, sik, ak magazen zannimo domestik kote ki gen gwo kochon) pandan 5 jou pou pi piti.